*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 26 (7344) РУЗМАН 23 июнь 2023 сон

12+

## Райадминистрациялъул совещаниялда



ЧIарада районалъул бетIер МухIидин МухIамадовасул кабинеталда тIобитIана аппаратальул хIалтIухъабазул щибаб анкьалда тIобитIулеб совещание. Гьениб гIахьаллъи гьабуна отделазул начальниказ ва администрациялда цере ругел учреждениязул нухмалъулез.

Тадбир байбихьана районалъул бетIерасул ракI унтарал ва пашманал рагIабаздалъун. Гьал къояздa нилъедаса ратIалъана цIакъго гIолохъанал рагъухъаби Цемер росулъа Арсен ХIажиев ва Хилихъ росулъа ГIабдулибрагьим ХIажибегов. Гьел ахIун рукIана ЧIарада районалдаса СВОялъул ракьалда хъулухъ гьабизе.

Гьелда бан МухIидин МухIамадовас тIадкъай кьуна цереккунго планалда рихьизарурал, гьал гIагарал къоязда тIоритIизе кколел рукIарал киналгIаги ракIгъеялъулал тадбирал тIоритIичIого тезе.

Хадуб муниципалитеталъул нухмалъулес хал гьабуна ракIалде щвеялъул ва пашманлъиялъул къоялде тIоритIизе рукIарал тадбиразде гьабулеб бугеб хIадурлъиялда. Гьеб къо Россиялда кIодо гьабулеб буго 22 июналда. Лъай кьеялъул ва культураялъул отделалъул нухмалъулев Шамил МустIапаевас баян кьуна гьелде тIоритIизе ругел батIи-батIиял акциязул.

Совещаниялда щивав нухмалъулес хIисаб кьуна гьарурал ва гьаризе церечIарал хIалтIабазул.

Шамил МустIапаевас бицана ЕГЭ ва ОГЭ кьеялъул тIоцересел хIасилазул, гьединго къад хIалтIулел лъималазул лагеразде районалъул лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъабаз гьарурал рейдазул.

«Жакъасеб къоялде хал гьарурал 3 школалда киналгIаги гIадлу хвезабиялъул хIужжаби тIатун гьечIо», - ян лъазабуна Шамил МухIамадовичас.

Районалъул росдал магIишаталъулгун экономикияб отделалъул нухмалъулев ХIажимухIамад Къадиевас баян гьабуна районалда росдал магIишат цебетIеялда бугеб ахIвал-хIалалъул.



Гьесул рагIабазда рекьон районалда яровияб ролъ хьаялъул план тIубазабун буго. Киналго магIишатазул – 44 КФХялъул ва 24 СПКаялъул гIи риидалил мучIдузде гочинабун буго.

Районалъул бюджеталде налогал рачIиналъул суалалда хурхун контролиябгун счетнияб палатаялъул председатель МахIмуд МухIамадовас баян гьабуна: «Цебеккунго гьабураб хал гьабиялъул хIасилалда баянлъана, цо-цо бухгалтераз физическиял лицабазул доходадаса битIулеб налогалъул жиндир заманалда уведомление налогалъулаб органалде кьун гьечIолъи. Районалъул киналниги 40 учреждениядаса анцIгоялъ гурони тIубазабун гьечIо лъураб масъала».

Совещаниялъул хIасил гьабулаго МухIидин МухIамадовас кьуна дандрекъон кколел тIадкъаял ва гьел тIуразариялъе чIезабуна заманги.

## Рохизе ккараб шапакъат




ЧIарада районалъул Гьилиб росулъа МухIамад Сайпулаевасе кьун буго РФялъул Президент В.В. Путинил Указалдалъун Суворовасул медаль.

Медалалъе нижер ракьцояв кIудияв сержант мустахIикълъун вуго улкаялъул ва пачалихъалъул мурадал ракIбацIцIадго тIуразариялъе ва рагъда бихьизабулеб бахIарчилъиялъе ва хIинкъикъай гьечIолъиялъе гIоло.

МухIамад гьавуна 1985 соналда. ЦIалана ва гIуна Гьилиб росулъ. РФялъул рагъулал къуватазда хъулухъ гьабизе ахIун вукIана 2003 соналда. ЛъагIелгун бащадалъ хъулухъги гьабун хьвана контракт. Гьеб лъугIун хадув армиялдаса гIодов чIана. Чамго сон ун хадув цIидаса контрактги хьван ана Таманский дивизиялъул тIоцебесеб танказул полкалда в/ч 58198 хъулухъ гьабизе. Гьебго полкалда хъулухъ гьабулаго гIахьаллъи гьабулеб буго Украинаялда СВОялда унел рагъулал тунка-гIусиязда. Гьенив мустахIикълъана Суворовасул медалалъеги.

Нижер кидагосеб ракIбухIи буго нилъер щивав рагъухъанасда хадуб. ЧIухIула гьездаса ва чIухIизеги руго!



## Иргадулаб призыв



Дагъаб цебе ЧIарада районалдаса иргадулаб призывниказул команда тIобитIана МахIачхъала шагьаралъул сборазул пункталде.

Районалъул рагъулаб комиссариаталдаса Россиялъул рагъулал къуватазда тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазабизе ана 5 гIолохъанчи. Гьел нухда лъикIал малъа-хъваялги гьарун киналго шартIал чIезарураб республикаялъул сборазул пункталде щвезаруна призывалъулаб отделалъул начальникасул кIудияв кумекчи ХIасан ГIумаровас.

ГIадаталда рекьон, рагъулаб хъулухъ тIубазабизе унел пайдаял насихIаталги гьарун нухда регIана районалъул бетIер, призывалъулаб комиссиялъул председатель МухIидин МухIамадовас ва районалъул рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовас.

«РакIбацIцIадго тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазаби ккола сахав гIолохъанчияс тезе кколеб гIумрудул болъодул хIокI.

ГьанжелъизегIан нилъер ракьцояз мустахIикъаб къагIидаялда тIубазабуна ва гьабсагIатги тIубазабулеб буго жидерго тIадаб рагъулаб налъи. Гьелдаго цадахъ россиялъул армиялъул кьеразулъги рукIун гIахьаллъи гьабулеб буго хасаб рагъулаб операциялдаги.

КинабгIаги щаклъи гьечIо, нужецаги ракIбацIцIадго тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазабизе букIиналда, ВатIаналда цебе налъиги течIого нуж рокьоре тIадруссиналда», - ян абуна районалъул бетIерас.

Районалъул рагъулав комиссарас улбузул ракIал гIодоре риччаялъе баян гьабуна: «Армиялде ахIарал гIолохъабазул гIагарлъиялъул кинабгIаги гIилла гьечIо ракI лъеялъе. Армиялде хъулухъ гьабизе ахIарал солдатаз хъулухъ гьабизе буго Россиялда жанибго, гьел ритIизе гьечIо Украинаялда СВО унеб бакIалде».

Военкомасул рагIабазда рекьон, районалъул рагъулаб комиссариаталда цебе лъураб ихдалил призывалъулаб программа тIубараб къагIидаялда унеб буго.

# Заседание участковой избирательной комиссии (УИК) № 1813



19 июня 2023 года заместитель главы администрации муниципального образования «Чародинский район» Магомед Омаров и председатель территориальной избирательной комиссии Чародинского района Салман Ярбилов присутствовали на заседании участковой избирательной комиссии (УИК) 1813 с полномочиями избирательной комиссии муниципального образования «село Шалиб».

Открыла заседание и ознакомила всех присутствующих с повесткой дня председатель УИК №1813 Эльмира Маммадаева.

Членами УИК №1813 было принято решение «О назначении дополнительных выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Шалиб» седьмого созыва по единому семимандатному избирательному округу по трем вакантным депутатским мандатам на 10 сентября 2023 года».

ЧАРОДИНСКИЙ РАЙОН РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН
УЧАСТКОВАЯ ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ
ИЗБИРАТЕЛЬНОГО УЧАСТКА № 1813 С ПОЛНОМОЧИЯМИ
ИЗБИРАТЕЛЬНОЙ КОМИССИИ
МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «село ШАЛИБ»

## РЕШЕНИЕ

*19. 06. 2023 г. № 2 с. Шалиб*

**О назначении дополнительных выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Шалиб» Чародинского района Республики Дагестан седьмого созыва по единому семимандатному избирательному округу**

В связи с досрочным прекращением полномочий депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Шалиб» седьмого созыва Магомедова Арслана Нурмагомедовича, Маммадаева Арслана Магарамовича, Маммадаева Пахрутина Маммадаевича, на основании статьи 10, пункта 8 статьи 71 Федерального закона от 12 июня 2002 года № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», статьи 12, части 2 статьи 85 Закона Республики Дагестан от 6 июля 2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» и Уставом муниципального образования «село Шалиб», участковая избирательная комиссия №1813, на которую возложены полномочия по подготовке и проведению выборов в органы местного самоуправления на территории муниципального образования «село Шалиб» **решила:**

1. Назначить дополнительные выборы депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Шалиб» седьмого созыва по единому семимандатному избирательному округу на 10 сентября 2023 года по трем вакантным депутатским мандатам.




2. Направить настоящее решение в Собрание депутатов муниципального образования «село Шалиб».

3. Опубликовать настоящее решение не позднее чем через 5 дней со дня его принятия в районной газете «ЧАРАДА».

***Председатель комиссии***
***Э.С. МАММАДАЕВА***

***Секретарь комиссии***
***Х.Ш. МАГОМЕДОВА***

## В Республике Дагестан с начала июня 2023 г. обнаружено более 254 т зараженной растениеводческой продукции

Управлением Россельхознадзора по Республике Дагестан в начале июня проконтролирован ввоз 50150 тонн свежих овощей и фруктов. В зону ответственности управления по месту доставки на СВХ «Виадук» поступило из Республики Азербайджана, Исламской Республики Иран и Турции - 34916 тонн овощей и 15234 тонн фруктов.

Так, госинспекторами в 14 товарных партиях растениеводческой продукции в СВХ «Виадук» были обнаружены карантинные вредные объекты.

Основаниями для подтверждения послужили заключения Дагестанского филиала ФГБУ «ВНИИКР», которыми подтвердились факты выявления - картофельной моли, южноамериканской томатной моли, западного (калифорнийского) цветочного трипса, восточной плодожорки и персиковой плодожорки.

За нарушение ФЗ №206 «О карантине растений» владельцы грузов привлечены к административной ответственности по ст. 10.2 КоАП РФ «Нарушение правил ввоза и вывоза подкарантинной продукции».

В целях защиты территории РФ от заноса особо опасных карантинных объектов, с участниками ВЭД проведена разъяснительная работа по недопущению нарушений Международных требований Российской Федерации.

***М. МУРСАЛОВА,***
***начальник отдела Управления Россельхознадзора по РД, заслуженный работник сельского хозяйства***

ПРОКУРАТУРА ИЗВЕЩАЕТ

## С 1 января 2023 года внесены изменения в Уголовно–процессуальный кодекс Российской Федерации

29 декабря 2022 года Федеральным законом № 608-ФЗ внесены изменения в Уголовно-процессуальный кодекс Российской Федерации в нормы **об оглашении и составлении судебных решений, об обжаловании ряда действий и решений.**

Так, согласно ч. 7 ст. 241 УПК РФ приговор суда или иное решение, вынесенное по результатам судебного разбирательства, провозглашается в открытом судебном заседании. При этом оглашаются вводная и резолютивная их части.

Также внесены изменения в ч. 1 ст. 323 УПК РФ согласно которому, приговор мирового судьи может быть обжалован сторонами в течение 15 суток (вместо ранее 10 суток) со дня его провозглашения в порядке, установленном статьями 389.1 и 389.3 настоящего Кодекса.

Апелляционные жалоба, представление на приговор или иное решение суда первой инстанции могут быть поданы в течение 15 суток (вместо ранее 10 суток) со дня постановления приговора или вынесения иного решения суда, а осужденным, содержащимся под стражей, - в тот же срок со дня вручения ему копий приговора, определения, постановления (ч. 1 ст. 389.4 УПК РФ).

Судья проверяет законность и обоснованность действий (бездействия) и решений дознавателя, начальника подразделения дознания, начальника органа дознания, органа дознания, следователя, руководителя следственного органа, прокурора не позднее чем через 14 суток (вместо ранее 5 суток), а действий (бездействия) и решений при производстве дознания в сокращенной форме - не позднее чем через 5 суток со дня поступления жалобы в судебном заседании с участием заявителя и его защитника, законного представителя или представителя, если они участвуют в уголовном деле, иных лиц, чьи интересы непосредственно затрагиваются обжалуемыми действием (бездействием) или решением, а также с участием прокурора, следователя, руководителя следственного органа (ч. 3 ст. 125 УПК РФ).

## Штрафы за сброс мусора с транспортных средств

В соответствие с Федеральным законом от 14.07.2022 № 287-ФЗ «О внесении изменений в Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях» статью 8.2 КоАП РФ «Несоблюдение требований в области охраны окружающей среды при обращении с отходами производства и потребления» дополнили новыми частями 3.1-3.4. Эти составы предусматривают ответственность за выгрузку или сброс с транспортных средств (автомобилей, мотоциклов, тракторов и т.д.) и прицепов к ним отходов вне установленных мест. Предельный размер штрафа зависит от вида транспортного средства. Например, сброс мусора с легкового автомобиля обойдется физлицу-нарушителю максимум в 15 тыс. руб., с грузовика - уже в 50 тыс. руб. (юридическому лицу - 50 тыс. и 120 тыс. руб. соответственно). Если должностное или юридическое лицо совершат нарушение повторно, транспортное средство или прицеп могут конфисковать. С 11.01.2023 в КоАП РФ вступили изменения, согласно которым закреплена возможность фиксации данных нарушений с помощью работающих в автоматическом режиме технических средств (камер).

## Льготные обеспечения

Прокуратурой района по поручению прокуратуры Республики Дагестан проводится проверка исполнения требований федерального законодательства по вопросам необеспечения лекарственными препаратами и медицинскими изделиями граждан, подлежащих льготному лекарственному обеспечению, а также обеспечения инвалидов санаторно-курортным лечением, возмещение указанным лицам стоимости самостоятельно приобретенных лекарственных препаратов и технических средств реабилитации.

В связи с изложенным, лицам указанной категории, которые в настоящее время не обеспечены лекарственными препаратами и медицинскими изделиями, а также права которых на бесплатные лекарственные препараты, медицинские изделия нарушены, в том числе, по вопросам возмещения стоимости самостоятельно приобретенных лекарственных препаратов и медицинских изделий, обратиться в прокуратуру района по номеру 89640005102.

# Сахлъи цIуниялъул къоялде

**Официалияб къагIидаялда гьаб байрам кIодо гьабулеб буго СССРалъул Верховный Советалъул Указалдалъун 43-абилеб нухалда. 1980 соналда чIезабун букIана Сахлъи цIунулесул къо тIобитIизе июналъул лъабабилеб гьатIан къоялда. Россиялъул Федерациялдаги гьебго гIадат цIунун буго.**



Изну къе дие ва ЦРБялъул профсоюзалъул комитеталъул рахъалдаса тIолабго коллективалда баркизе гьаб профессионалияб байрам. ХIурматалъе ва баркалаялъе мустахIикъал руго гIадамазул сахлъи рукIалиде ккезабулел, гIелмуялъул цIиял бергьенлъабиги хIалтIизарун захIматчагIазул гIумру лъикIлъизабулел тохтурзаби. Гьеб бокьа-бокьарав чиясухъа бажаруларо, бажарула цохIого ракI бухIи бугел, тIадкъараб ишалъе ритIухъал ва намус-яхI бугел чагIазухъа.

Гьел ккола: тохтурзаби, медсестраби, акушеркаби, фельдшерал, санитаркаби, водителал, охранал пищеблокалъул, магIишатияб хъулухъалъул медицинаялъул хIалтIухъаби ва финансазулгун экономикияб хъулухъ.

ГIадада гурелъул абулеб гIумруялда жаниб бищунго къиматаб сахлъи бугилан, битIарабги буго, гьеб буго кIудияб бечелъи ва гьединлъидал тохтурасул махщелги дунялалда тIадго хIажатаб ва кIвар бугеб махщел ккола.

Тохтурасул хъулухъ – гьеб цохIого лъай ва хIалтIи бокьи гуребги, гьединго ккола гIадамаздехун ракIбацIцIадаб рокьи, ракIбухIи бугеб махщел. Гьединлъидалги нижер хъулухъ рикIкIуна халкъалъ бищунго кIвар бугеблъун ва хIурмат гьабулеблъун.

Нижер гъуждузда тIад баччараб гьир цIакъго бакIаб буго, амма гIадамазул сахлъи ва хасго гIумру тIадбуссинабиялъ, жидедаго ракIчIей бижизабиялъ кьолеб рахIат жеги цIикIкIараб буго.

ЧIарада районалъул сахлъи цIуниялъул гIуцIиялда хIалтIулев вуго 310 чи. Гьездаса: 10 – ДРялъул мустахIикъав тохтур, 5 – сахлъи цIуниялъул мустахIикъав хIалтIухъан, 12 – ДРялъул сахлъи цIуниялъул отличникал, 10 – тохтурасул ва 42 – гьоркьохъеб медицинаялъул хIалтIухъабазулги буго тIадегIанаб категория. Нижер медицинаялъул хIалтIухъабаз бажарараб бутIа лъолеб буго районалъул цебетIей букIинабиялъулъ. Районалда ахирал соназда гIемерго лъикIлъун буго социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIей, гьелдаго цадахъ сахлъи цIуниялъулги.

Сахлъи цIуниялъул гIуцIи буго районалда тIобитIулеб пачалихъияб политикаялъул бербалагьиялда кIвар бугеблъун. Борхизабулеб буго цогидал бутIабазде данде ккун жидерго къадру-къимат. Районалда цо бихьулеб хIалтIи гьабулеб буго захIматчагIазе медицинаялъулаб хъулухъ лъикI гьабиялъе сах гьариялъулгун профилактикияб хIалтIул хIасил буголъи, материалиябгун техникияб рахъ борхизабиялъе. Гьоркьоса къотIичIого борхизабулеб буго медицинаялъул хъулухъ гьабиялъул качество. Унтаразе чIезабулеб буго лъикIаб, калория цIикIкIараб квен.

Капиталияб ремонт гьабун буго Кьорош росдал ФАПалъе ва Гъунухъ росулъ ФПалъе. Исанаги планалда буго байбихьул сахлъи цIуниялъул бутIабазда капиталиял хIалтIаби гьаризе. Гьезда гьоркьор руго Магъар ва Хьинуб росабазул ФАПал, Шалиб, КIутIихъ, Содаб, Хилихъ, ХIурухъ росабазул ФПал. Щун буго 7 автомашина «Гранта», добегьанибе хьвадулеб фельдшеразулгун акушеразул комплекс, 2 холтералъулаб аппарат.

ГIагараб заманалда щвезе буго экспертнияб классалъул УЗИ аппарат. Нижер районалъул киналго УБ ва ВАязда хIалтIула санитариял транспортал, руго кIи-кIи машинаби ругели. Гьединаб жо жеги районалъул тарихалда букIинчIо. Гьеб киналъго рес кьезе буго медицинаялъул хъулухъ лъикI гьабиялъе, рикIкIада росабалъа унтарал хехго райбольницаялде, гьенисаги хIажалъи бихьун шагьаразул больницабазде щвезаризе.

Нижеда бичIчIула медицинаялъул кумек гьабиялъул качество борхизабиялъе сахлъи цIунулезул профессионалияб лъай буголъи тIадегIанаб даражаялда букIине кколебльи. Жигар бахъула районалъул сахлъи цIуниялъул учреждениязби гIадамазде гIагар гьариялъе, гьелъул мурадги ккола районалъул захIматчагIи медицинаялъул хIалтIухъабаздаса разиго рукIин.

БукIаян абе нижер захIматалъухъ сайгьатлъун ТIадегIанасул разилъи ва нижеца сах, рази гьарурал, жидерго къуватазда божизарурал гIадамазул рахъалъ ракI-ракIалъул баркалаби.

Бокьун буго гьаб байрамалъул къоялда дирго ва хIалтIухъабазул рахъалъа кIудияб баркала загьир гьабизе, сахлъи цIуниялда хурхарал киналгIаги суалал тIуразарулел районалъул бетIер М. ГI. МухIамадовасе, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. М. СагIдулаевасе, ДРялъул сахлъи цIуниялъул министр Т. В. Беляевалъе, бетIерал врачал ракьцоязе: ДРКБялъул - С. М. МахIачевасе, ДГКБялъул - С. С. Абакаровасе, №1 ГКБялъул - ХI. М. Маллаевасе, нижер бетIерав куратор Д. П. ХIажиевасе – РУЦалъул бетIерав тохтур, РКБ СМПялъул бетIерав тохтур М. Р. ИмангIалиевасе.

**Нижеца гьарула гьезие сахлъи, талихI, битIккей, гьарулел киналгIаги хIалтIабазулъ бергьенлъаби.**

**ХIурматиял хъулухъцоял!**

**РакI-ракIалъго ва хIурматгун баркула нижеда профессионалияб байрам – Медицинаялъул хIалтIухъанасул къо!**

**Биччанте гвангъараб бакъалъ, гIадамазул баркалабаз хинлъизаризе нужер ракIал ва кьезе нужее талихI.**

*Баркигун ЦРБялъул бетIерав врач,*
*ДРялъул мустахIикъав врач*
*Къурбан РАМАЗАНОВ*

# 50 соналъ тохтурлъун



Медицинаялъул хIалтIухъанасул къоялде нижее бокьун буго 50 соналда ЧIарада районалъул больницаялда хIалтIарай, гIемерал гIадамазул гIумру хвасар гьабурай, захIматаб хIалалде ккаразе кидаго кумекалъе ятулей, лъикIай тохтуралъул хIакъалъуль бицине. Гьей ккола ЦРБялъул хехаб кумекалъул тохтур ХIапсат ТIалхIатова.



Гьаюна ХIапсат 1947 соналъул 5 июналда ЧIарада районалъул Гъунухъ росулъ. ГIагараб росулъ байбихьул школаги лъугIизабун, гьей цIализе лъугьуна ЦIуриб гьоркьохъеб школалде. Гьоркьохъеб лъаялъул аттестат щун хадуса, ХIапсат 1967 соналда цIализе лъугьуна ДМИялъул лечебнияб факультеталде. ЦIализе лъикIай йикIана гьей.

Медицина тIаса бищиялъе гIилла щибан гьикъидал, ХIапсат Салмановалъ жаваб кьуна, чIахIиял классазда цIалулаго дица диего хIукму гьабуна тохтурлъун яхъине. «Эбелалда мухIканго бичIчIулеб букIинчIо дир тохтурлъун яхъине бугеб мурад, инсуцайин абуни кидаго дица тIаса бищаралъул рахъ кколаан. Гьесул изнуялдалъун дун ана тахшагьаралде ВУЗалде лъугьине», - ян бицана ХIапсатица.

ХIапсат Салмановалъе 4 курсалде яхъараб заманалда бокьана врач-инфекционисткалъун йикIине. Гьелъие гIиллалъунги ккана профессор Ибрагьим Шамовасул магIнаял лекциял. Гьес жиндирго гьваридаб медицинаялъул лъаялдалъун гьира ккезабуна гIадамал батIи-батIиял рахъунел унтабаздаса хвасар гьариялде. 1974 соналда РКБялда интернатураги лъугIизабун, гьей хIалтIуде йосана ЦРБялъул инфекционнияб отделениялъул заведующаялъун. Гьений врач-инфекционисткалъун хIалтIана 35 соналъ. Гьеб заманалда ХIапсат Салмановалъул цохIого йигей яс Асият ТIалхIатовалъ эбелалъул нухги ккун, врачлъунги цIалун, ячIана инфекционнияб отделениялъул заведующаялъун хъулухъалде.

Гьеб заманалда жиндиего ХIапсатие бокьана хехаб кумекалъул тохтурлъун хIалтIизе. 2004 соналда цо лъагIалил интернатураги лъугIизабун, хIалтIизе лъугьана гьение.

ХIалтIул батIи-батIияб заман ракIалде щвезабулаго, хIалбихьи бугей тохтуралъ баян гьабуна: «Инфекциялъ унтаразе бищун чара гьечIеблъун ккола жиндир заманалда тохтурасухъе ин. РакIалда буго 80-абилел соназда нижехъе ккана захIматго гепатит А вирусалъ унтарав гIолилав. Гьеб унтуе хехаб куцалда дару гьабизе ккола бакIалда, гьев тIубараб анкьалъ вегун чIун вуго рокьовго. Заман ун букIиналъ вас сах гьавизе кIвечIо. Жеги, церехун киналгIаги данде чIеял рукIинчIо планалъулал прививкаби гьариялде. БукIунаан кидагосеб къеркьей батIи-батIиял инфекциязьдехун. Хехаб кумекалдаги дандчIвала захIматал лъугьа-бахъинал. Росабалъа гIемерисезе бокьулеб гьечIо больницаялде ине, гьединлъидал ине кколел руго бакIазде врачазул кумек гьабизе. Кколел руго захIматал хIужжаби - автомашинабазул авариял, инсульт, инфаркт, отравление ккеязулги. Нахъа тана нижеца короновирусалъул унтул захIматаб заманги. Врач цо секундалъги виххизе бегьуларо, заманалъул гьитIинаб манзилалдаги бараб букIине бегьула гIадамасул гIумру».

ХIапсат ТIалхIатовалъул хIакъалъуль хIалтIулебгIан заманалда хисарал бе-тIерал врачазул ва ЦРБялъул коллективалъул рахъалдаса лъикIаб гурони хабар ккечIо. Гьей ккола ДРялъул мустахIикъай тохтур, йикIана тIадегIанаб категориялъул тохтур-инфекционист, мустахIикъльана баркалаялъул кагътазе, дипломазе, райисполкомалдаса къурал рикIкIен гIемерал грамотабазе.

БитIккана гьелъие рос Асильдар ТIалхIатовги медицинаялъул рахъ кколев, гьелъул кIвар бичIчIулев чи вукIиналъ. Тохтурасул сордо-къо абичIого, гIодор кьоял гьечIогоцин хIалтIизе кколеб махщел букIиналъ, гьелъул кумекалда хадур гIемер рачIунаан унтарал.

Цоцазул адаб хIурматалда цадахъ араб 53 соналда жаниб Асильдарица ва ХIапсатица мустахIикъго гIезабуна лъабго лъимер. Гьезул бищун кIудияв васас гIумру гьабулеб буго Каспийск шагьаралда ва хIалтIулев вуго полициялда майорасул чиналда – участковыйлъун. ГьитIинав хIалтIулев вуго МахIачхъалаялда спортшколалъул тренерлъун. Яс хIалтIулей йиго ЦРБялъул инфекционнияб отделениялъул заведующаялъун.

Гьелдаго цадахъ рос-лъадуца гIемераб кIвар ккола лъималазул 10 лъимер гIезабиялдеги, гIахьаллъи гьабула гьезие тарбия кьеялъулъги.

ХIапсат Салмановалъул дагьабгIаги ракIбухIун гьечIо жинцаго гьеб махщел тIаса бищиялдаса.

«Щибаб цIияб къо бачIарабго дида ракIалде кколаан дица тIаса бищараб тохтурасул хъулухъ битIараб бугилан. ДандчIвана чанги гьел захIматго унтарал чагIиги, амма гьел сахлъизаризе кIвеялъ рекIее лъугьунаан кIудияб парахалъи ва рохел», - ян лъугIизабуна тохтуралъ хабар.

ХIапсат ТIалхIатовалъе нижеца гьарула щулияб сахлъи ва халатаб гIумру, гьей унтаразе пайда гьабулаго жеги гIемераб заманалда хутIизе районалъул гIадамазул сахлъиялъул хьаравуллъуда.

**Дуца унтаразул гьабулеб тIалабгъаз кIиго бутIаялъги цIикIкIун нахъбуссаги дудего, рекIее рохел ва аваданлъи, хIурматияб тохтур!**

# СВОялда хъулухъ гьабулаго



Гьваридаб пашманлъигун къабул гьабуна ЧIарада районалъул захIматчагIаз Арчиб поселениялъул Хилихъ росулъа рагъухъан хвеялъул хабар. **ХIажибегов ГIабдулибрагьим Айдинбеговичас** рагъулаб налъи тIубазабулеб букIана Украинаялда СВОялъул ракьалда.

Гьавуна ГIабдулибрагьим 2001 соналъул 2 декабралда гIадатияб хъизаналда. Эмен гьесул вуго батIи-батIияб хIалтIаби гьарулев чи, эбелин абуни домохозяйка. 2007 соналда гьев ана Хилихъ росдал байбихьул школалде, ункъо классги лъугIизабун цIализе лъугьана Арчиб гьоркьохъеб школалде. Гьениб 9 классги лъугIизабун ана МахIачхъалаялда шайих МухIаммадгIарифил цIаралда бугеб медресаялде цIализе. Гьеб лъугIун хадув жиндиего бокьун ана РФялъул рагъулал къуватазда тIадаб налъи тIубазе. Хъулухъ гьабуна гьаваялъул десанталъулаб аскаралда.

Армия лъугIун хадув цIализе лъугьана МахIачхъалаялда Автодорожнияб колледжалде.

Цо бутIаялъулаб мобилизация байбихьараб тIоцересел къоялздаго ГIабдулибрагьим ахIана Украинаялда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъизе. Ахираб заманалда тIубазабулеб букIана разведкаялъул взводалъул командирасул тIадал ишал. Вихьизавун вукIана офицерасул цIар кьеялъеги.

Цодагьав цеве ХIажибегов вачIун вукIана къокъабго отпускаялъ ВатIаналде гIагарал божаразухъе. 25 маялда дандчIвана районалъул бетIер МухIидин МухIамадовгун ва бицана жиндирго хъулухъалъул, рагъда дандчIвалел ругел захIмалъабазулги.

Школазда дарс кьурал учительзабаз, гIагараз ва росуцояз ГIабдулибрагьимил цIаралда абана гIемерал лъикIал рагIаби. Бицана гьев вукIанин ракIбацIцIадав, ритIухъав, хIеренав гIолохъанчи. Гьаб ахираб лъабго соналда ХIажибеговазул хъизаналъ гIумру гьабулеб букIана МахIачхъалаялда.

ГIолохъанав хIинкъи-къай лъаларев ва къвакIарав рагъухъан гIумруялъул 22 сон букIадго ана ахираталде.

Районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас, гьесул заместитель МухIамад ГIумаровас ва районалъул рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовас росуцоязгун цадахъ ахирисеб нухда тIовитIана бахIарчияв рагъухъан. Гьез гьваридаб пашманлъиялъул зигара бана хварасул эбел-инсуда, гIагаразда ва росуцоязда.

КиналгIаги рагIабаз бигьа гьабиларо эбел-инсуе бугеб кIудияб ками. ЦохIого гьарула гьезие щулияб сабру ва сахлъи.

Сержант ГIабдулибрагьимица цIунулеб букIана улкаялъе эркенлъи ва гIодобе биччай. Нижее гьев ва гьевго гIадал ВатIаналъе гIоло рагъулаго рухI кьурал гIолохъаби кидаго рукIана ва рукIинеги руго бахIарзаллъун.

Ракьцоял кидаго чIухIизе руго гьединал бахIарчиял рагъухъабаздаса, ВатIан цIунулаго нилъедаса ратIалъараздаса. Нилъер гIолохъабаз кидаго бихьизабуна жидерго бихьинчилъи, къвакIи ва хIинкъи-къай гьечIолъи!

***ГIабдулибрагьим ХIажибеговасул эбел-эменгун гIагаразда цадахъ нижецаги цIакъ захIматго къабул гьабуна гьаб пашманаб хабар. Гьев кидаго чIарадисезул ракIазулъ цIунун хутIизе вуго.***

# Пашманлъи: цоялда хадуб цояб



Гьале ЧIарада районалъул захIматчагIаз чIегIер баралдаса чамалиго къо унеб буго. ВатIан цIунулаго цадахъ хвана чанго гIолилав.

Дагьаб цебе Цемер къо лъикI гьабуна Украинаялъул ракьалда хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулаго хварав рагъухъан **ХIажиев Арсен Пахрудиновичасулгун.**

Арсен ХIажиев гьавуна 2000 соналъул 7 маялда Цемер росдал гIадатияб хъизамалда. Росулъ 9 классги лъугIизабун гьев цIализе уна Гьилиб гьоркьохъеб школалде.

Школа лъугIун цо лъагIалидаса бачIараб повесткаялда рекъон хIукму гьабуна РФялъул рагъулал къуватазда хъулухъ гьабизе. ВатIаналъул ахIиялъе жавабги гьабун 2022 соналда Арсен витIана Украинаялда СВОялда гIахьаллъизе.

ГIолохъанав рагъухъанасул къокъабго биография лъугIана дагьаб цебе улкаялъул интересал цIуниялъе командованиялъ цере лъурал масъалаби тIуразарулаго. 23 сон гурони бачIев ВатIан цIунулев гIумруялъул 2023 соналъул 16 июналда.

Районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас, гьесул заместитель МухIамад ГIумаровас ва районалъул рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовас гIахьаллъи гьабуна хвел букьиялъулъ. Гьез хварасул эбел-инсуда, гIагарал божаразда гьваридаб пашманлъиялъул зигара бана гьезие хирияв вас заман щвелалдего хвеялда бан.

ХIурматияв Пахрудин ГIалиасхIабович ва Зиярат МухIамадовна! ТIолабго районалда гIумру гьабулез нужеда цадахъ чIегIер балеб буго ва гьарулеб буго нужее сабруги къвакIиги.

Арсен хвана бахIарчиго. Жакъа гьесда цадахъ хъулухъ гьабулел рагъухъабаз ва цогидалги ракьцояз, рагъул майданалда ругез, гьабулеб буго кIвар цIикIкIараб иш нужер васас битIун тIегьалеб гIужалда жиндирго гIумру кьураб. Арсенил ва гьевго гIадал бахIарчиго хварал ракьцоязул ками гIададисеблъун ккеларо! Бергьенлъи нижеда хадуб букIине буго!

***Нижеца – ракьцояз гьев ва цогидал ВатIаналъе гIоло рухI кьурал гIолохъаби кидаго ракIазулъ цIунила, гьединал бахIарзазе киданиги хвел букIунаро.***

# ГIириб медресаялъе автомашина

ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат МухIамад СагIдулаевас ГIириб росдал медресаялъе сайгъат гьабуна Лада Ларгус маркаялъул автомашина. Дагьаб цебе ГIириб росулъ тIобитIараб хIафизазул республикаялъулаб конкурсалда депутатас рагIи кьун букIана медресаялъе хIажаталъе автомашина сайгъат гьабизе.

Гьал къоязда депутатасул цIаралдаса хIафизазул школалъул директорасухъе автомашинаялъул кIулал кьуна гьесул вас Шамил СагIдулаевас.





Гьанже районалда жанир ва гьеб бахун къватIирехунги къваригIелалъ ине киналгIаги квалквалал рукIинаро медресаялъул хIалтIухъабазе.

Гьез ва школалда лъай босулел хIафизаз депутатасе ракI-ракIалъулаб баркала кьуна жидее гьабураб цIакъго хIажатаб сайгъаталъухъ ва гьарана МухIамад Мухтаровичасе халатаб гIумруги щулияб сахлъиги.

# *Авар кицаби ва абиял*

- Хадув пашманлъиялъ хайир щоларо.
- Хаслихъе дагIнида – гьаб гIи лъилан гьикъараб мехалъ – гьав бахIарчиясул бугилан абурабила. Ихдал гьикъараб мехалъ – бетIергьабазул батилилан абурабила.
- Хахизе ракIалда буртIида, лъутизе ракIалда цIцIеда.
- Хвезе вокьарав чи кьолбоца вецце.
- Хвезе гIажалги кIудияб лъикIаб.
- Херав эмен вугес рагьда хъазахъ тоге. (ЛъарагIалдасан босараб, лъималаз умумул хIалтIизариялда гIайиб чIвараб кици).
- Херав эмен гъоркье рехараб гьегь мунго рехизеги нахъе цIунун те.
- Херлъунилан бацIил цер лъугьинаро, цаби гъунилан ритIучIил нахъа багьа хвеларо.
- Херлъун хадуб хъарчигъа тIанчIаца балъаргъунеб.
- Хехаб лъин ралъдахъе щоларо.
- Хвелилан давлад унаро, тIатинилан жо бикъуларо.
- Хазинаде гIарац те, гIедал яс росасе кье.
- Халалъани хабар чIалгIуна.
- Халат бухIаги чохIол мугъзада бакъ.
- Халатаб жо – чохьол бакь.
- Халкъалда нух къосунаро.
- Хамиз сордо кинаб магIида.
- Ханжар цIулал бугониги гIола, ракI маххул бугони.
- Хасалил хинлъиялдаги ханасул чучлъиялдаги божуге.
- Хаслихъе бечелъуге.
- Хаслихълъиялде къараб мехалъ никIкIицаги цIакъ хIанчIула.
- Хасало мегIер бацIие те.
- Хвараб гIака рахьдалаб.
- Хвараб бацIица гIи чIваларо.
- Хварав чидай молода вугев, чIагоявдай?
- Хварав чиясдаса тIохол къайи лъикI.
- Хваразе гурони, росас риччаразе хоб бухъуларо.
- Хварал чIегIер ракьулъ, чIагоял багIар бакъукь.
- ХинкI босарас тIор босе.
- ХинкIазде щвартIи халат, хурибе рагIад халат.
- Хиял букIанила хераб гIанкIудул, ханал гьарилилан, къинлъарилилан.
- Хоб тIупанагIан ракI тIупулеб.
- Хунзахъ бетIер бахъизе ккани, лъабго накIкIигъветI кIкIвине ккола.

**ЧIАРАДА**
**БетIерай редактор** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал:** «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
**Учредитель:** Администрация муниципального образования «Чародинский район»

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5 Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес***